



IFISHE YOKUGWIZA IMIBUTOY'IBIJUMBU

I.Intangamarara

Imibuto y'ibijumbu irakunda kuburamugatasi (mukwezikwicenda)inyuma y'uruzuba rwishi.Muntumbero yokugumana imibuto no kuyirwiza, haratowe ubuhinga butuma harwizwa mukanya gato imibuto y'ibijumbu. Ubwo buhinga bukoreshwa kubiterwa vy'ibijumbu cankeimyumbati.

II. Akarangak'umubuto


Umubuto wogutera uva kubiterwa biviyibushye,bitagiraigwara.



Ishusho 1: Umubuto mwiza wo gutera(Ibubafu), Umubuto ugwaye ifunya

Mugutera umubuto, niviza gutora igihimba gihereza (umutwe) ugizwe n'amafundo 3(cm20-30).

Uwo mubuto umera ningoga ugereranije n'umubuto wokuntango y'igiterwa c'ikijumbu.Vyongeye,umutwe ntangwara ubaufise.



Ishusho2:Umubuto wogutera ufise amafundo atatu,uburebure cm20 canke 30

Mugihe umubuto ari muremure, nivizagufata umubuto uherye ku cm 15 uvuyemw'imerero ry'ikijumbu.

III.Guteguraipikiniyeri

Ipikiniyeriyokugwizaimibutoy'ibijumbu ifise m 1 m'ubwaguke na m 5mu burebure.Ipikiniyeri yokugwiza imibuto y'ibijumbu ishirwairuhande

y'amazi kugira ivomerwe vyoroshe. Isi y'umusenyi ivanze n'ibumba niyo ibereye kurwirizamwo imibuto y'ibijumbu. Ipikiniyeri ibwirizwa kuduzwa hejuru nka cm20.Bivanyen'uburyohe bw'isi, ipikiniyeri irafumbirwa ukoresheje amase y'ikirundi (kg 5 kw'ipikiniyeriya m²5)naangeriyitwaire(g100 kw'ipikiniyeri).

IV.Gutera mw'ipikiniyeri

Imibuto ifise amafundo 3 (cm 20) itegwakucm10X20,amafundo 2 arazikwa mukuzimu.

Ipikiniyeri ivomerwa kabiri kumusi (mugatondonokumugoroba) nacanecane mumisi yambere kugira isi yo muri pikiniyeri ntiyume. Iyohashushe cane,ipikiniyeri irafukwa/igitutu n'ubwatsikugira bagabanye itakara ry'amazi mw'isi nokubiterwa.



Ishusho 3: Gutera imibuto mw'ipikiniyeri y'ibijumbu

Birabujijwe gutwikira cane ipikiniyere canke kugumiza ipikiniyere umwanya munini (urenga indwi 2) mugitutu kuko ibiterwa bica birefuka bikagoyagoya. Ipikiniyere ibwirizwa gukingirwa ivyonyi.



Ishusho4: Itegurwary'ipikiniyererekug wizaimibutoy'ibijumbu

Mugihe hakanye cane ipikiniyeri barayifuka n'isashe yera kugira yongereze ubushuhe.



Ishusho 5: Ipikiniyeri y'ibijumbu ifukishijwe isasheyera

V. Gutunganya ipikiniyeri

Ipikiniyeri irabagarwa mugihe cose habonetsemwo ivyatsi, ikagenzurwa, hakarandurwa igiterwa cose kirwaye hanyuma bigahambwa. Harasubirizwa ibitameze canke ivyaranduwe kugiraugumane imibuto 50 ku m². Harakenewe kugenzura ko imibuto ifutswe neza kandiko igumye ifutswe inyuma yokuvomera.

VI. Iyimbura

Iyimbura ry'imibuto iba inyumay'indwi6 canke 8 bivanye naho itewe.

Iyimbura riba mugitondo canke kumugoroba kugira imibuto ntiyume canke ngo ite amazi meshi. Umubuto uciribwa ku cm15 uvuye mwimerero ry'igiterwa kugira ugwane ikwiragizwa ry'igwara y'ibugwe.



Ishusho6: Imibuto y'ibijumbu igeze kwimbura

Imibuto irashobora kubikwa mugitutu gushika kumasaha 2 imbere yo gutwarwa aho ibwirizwa guterwa. Mugihe ipikiniyeri itunganijweneza, ishoborakw'imburwako incuro 3.

VII. Kubika imibuto

Imibuto ibwirizwaguterwa inyuma y'iyimbura ryayo. Mugihe bidakunze ko iterwabivuyekw'isi itaratunganywa canke imibuto iva kure, ishobora kubikwa imisi 2 canke 3. Nivyiza gukurako amababi ugasigaza make yiyo kwisonga ry'umubuto. Imibuto ishobora gutekerwa mumiganda ufukishijwe nigitambara canke umufukoutose. Iyomiganda ibikwa mugitutu. Imibuto ishobora guhambwa mw'isi iri musu yigitutu, 2/3 bikazikwa mukuzimu. Mugihe imizi imeze, umuntu yokwitonda mugihe cogutera kugira iyo mizi igume ikomeye.